



Rezime Asistans Finansye

One Brooklyn Health rekonèt gen moman kote pasyan ki bezwen swen yo ap gen difikilte pou peye pou sèvis yo bay yo. Pwogram Èd Finansye nou an bay rabè pou moun ki kalifye ki baze sou revni ou. Anplis de sa, nou ka ede w aplike pou asirans gratis oswa asirans ki ba pri si ou kalifye.

Pou wè si ou kalifye, ou ka kontakte sa ki annapre yo pou yon entèvyou konfidansyèl:

Depatman Admisyon Sant Medikal Entèrelizye – 1545 Atlantic Ave., Brooklyn NY 11213, Main Floor – # Tele 718 – 613-4359

Biwo Finansye Lopital Brookdale – 1 Brookdale Plaza, Brooklyn, NY, 11212, 4th Floor, nan bilding Snapper, oswa rele Konseye Finansye # Tele: 718-240-5240.

Kiyès ki kalifye pou yon rabè?

Asistans Finansye a disponib pou pasyan ki gen revni limite epi ki pa gen asirans sante. **Pwogram nan disponib tou pou pasyan ki gen sèvis medikal nesèsè ki pa kouvri nan asirans sante yo oswa ki te fin itilize benefis asirans yo. Pwogram nan kouvri ko-peman ak dediktib, oswa si ou te depanse plis pase 10% nan revni ou pou depans medikal ki soti nan pòch.**

Tout moun ki bezwen sèvis ijans ka resevwa swen epi jwenn yon rabè si yo satisfè limit revni yo.

Ou ka aplike pou yon rabè kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w.

Ki limit revni yo?

Kantite rabè a varye selon revni w ak gwosè fanmi w. Si ou pa gen okenn asirans sante, sa yo se limit revni yo:

Toudepan sikonstans yo, ou ka kalifye pou asistans finansye menm si revni ou depase limit sa yo.

Gwosè fanmi an	Chak ane Revni fanmi an	Chak mwa Revni fanmi an	Chak semen Revni fanmi an
1	Jiska \$62,600	Jiska \$5,217	Jiska \$1,204
2	Jiska \$84,600	Jiska \$7,050	Jiska \$1,627
3	Jiska \$106,600	Jiska \$8,883	Jiska \$2,050
4	Jiska \$128,600	Jiska \$10,717	Jiska \$2,473
5	Jiska \$150,600	Jiska \$12,550	Jiska \$2,896
6	Jiska \$172,600	Jiska \$14,383	Jiska \$3,319

* Dapre Machasuiv Povrete Federal 2025 yo – pou pousantaj aktyèl yo, al gade nan Dyagram Èd Finansye aktyèl la



E si mwen pa respekte limit revni yo?

Si w pa kapab peye fakti w la, **One Brooklyn Health** ofri yon plan pèman pou pasyan sa yo ki satisfè limit revni yo. Kantite lajan w peye a depann nan kantite revni w. **Toudepan sikonstans yo, ou ka kalifye pou yon plan pèman menm si revni w depase limit sa yo.**

Èske yon moun ka eksplike rabè a? Èske yon moun ka ede m aplike?

Wi, èd konfidansyèl disponib gratis. Rele **Sant Medikal Entèrelijye nan 718 613-4359** oswa **Biwo Finansye Lopital Brookdale nan 718-240-5240**.

Si w pa pale anglè, yon moun ap ede w nan pwòp lang ou.

Konseye Finansye a ka di w si w kalifye pou asirans gratis oswa a ba pri, tankou Medicaid, Child Health Plus ak yon Qualified Health Plan.

Si Konseye Finansye a jwenn ou pa kalifye pou asirans ki ba pri, li pral ede w aplike pou yon rabè.

Konseye a pral ede w ranpli tout fòm yo epi di w ki dokiman ou bezwen pote.

Kisa mwen bezwen pou aplike pou yon rabè?

Pou aplike pou asistans finansyèl, w ap bezwen yon pyes idantite ki gen foto, prèv adrès, kat semèn souch pèman, ak/oswa yon deklarasyon salè ak/oswa yon lèt ki endike kijan w ap sipòte tèt ou oswa w ap jwenn sipò. 415 e boundery

Si ou pa kapab bay okenn nan bagay sa yo, ou ka toujou kapab aplike pou asistans finansye.

Ki sèvis yo kouvri?

Tout sèvis medikalman nesèsè yo bay nan **One Brooklyn Health** yo kouvri nan rabè a. Sa gen ladann sèvis pou pasyan ekstèn, swen ijans ak admisyon pou pasyan ki entèn.

Yo ka kouvri frè *doktè prive* ki bay sèvis nan lopital la. Ou ta dwe pale ak doktè prive yo pou wè si yo ofri yon rabè oswa yon plan pèman.

Konbyen mwen dwe peye?

Kantite lajan pou yon sèvis pou pasyan ekstèn oswa sal ijans kòmanse soti nan \$0 pou timoun ak fanm ansent, toudepann revni w. Kantite lajan pou yon sèvis pou pasyan ekstèn oswa sal ijans kòmanse soti nan \$15 pou granmoun, tou depann revni w.

Konseye Finansye nou an ap ba w detay sou rabè espesifik ou a(yo) yon fwa aplikasyon w la fin trete.

Depo pasyan an baze sou kapasite pasyan an pou peye epi yo pral konsistan avèk lòt èd finansyèl yo bay.

Anjeneral, yo pral ofri aranjman pèman (plan vèsman) bay pasyan ki kalifye yo (sa a vle di, moun ki gen revni masyèl jiska 400% Nivo Povrete Federal la). Pèman vèsman chak mwa yo limite nan 5% revni brit chak mwa pasyan an.



Kòman mwen ka jwenn rabè a?

Ou dwe ranpli fòm aplikasyon an. Imedyatman nou gen prèv sou revni w, nou ka trete aplikasyon w la pou yon rabè selon nivo revni w.

Ou ka aplike pou yon rabè anvan w gen yon randevou, lè w vin lopital la pou jwenn swen oswa lè fakti a vini pa lapòs.

Voye fòm ki ranpli a bay: **Brookdale Hospital Financial Office nan 1 Brookdale Plaza - Snapper Building, Fourth Floor, Brooklyn, NY 11212-3198** oswa pa imel bay financialinvestigations@bhmcny.org oswa pote li **dirèkteman nan Biwo Finansye a nan adrès ki endike a**. Ou ka aplike pou asistans finansye nenpòt ki lè, sa gen ladan pandan pwosesis koleksyon an.

Kouman mwen pral konnen si mwen te apwouve pou rabè a?

Lopital Brookdale pral voye yon lèt ba w nan lespas 30 jou apre w fin ranpli epi soumèt dokiman yo, pou di w si yo te apwouve w ak nivo rabè w resevwa.

E si mwen resevwa yon fakti pandan m ap tann pou m konnen si mwen ka jwenn yon rabè?

Ou pa ka oblije peye yon fakti lopital pandan y ap konsidere aplikasyon w pou yon rabè. Si yo rejte aplikasyon w la, lopital la dwe di w poukisa alekri epi li dwe ba w yon fason pou w fè apèl kont desizyon sa a nan yon nivo ki pi wo nan lopital la.

E si mwen gen pwoblèm mwen pa ka rezoud ak lopital la?

Ou ka rele liy dirèk pou plent Depatman Sante Eta New York la nan 1-800-804-5447.